


KONTAK POU DEPISTAJ COVID-19



FloridaHealthCOVID19.gov • Depatman Sante Florida

Si ou teste pozitif pou Covid-19, manm pèsònèl sante piblik yo pral mande enfòmasyon sou moun ki gen kontak depre avèk ou. Pandan yon kantite jou, manm pèsònèl la pral kontwole oumenm avèk kontak ou yo. Sa rele kontak pou depistaj epi li se yon fonksyon debaz nan sante piblik ki ap ede sispann pwopagasyon maladi.



Si sentòm yo vin pi mal oswa vin grav, ou ta dwe chèche swen medikal oswa swen dijans.

Sentòm COVID-19 yo: lafyèv oswa frison, tous, souf kout oswa difikilte pou respire, fatig, doulè nan misk oswa doulè nan kò, maltèt, vin pa ka pran gou oswa pran sant, malgøj, konjesyon oswa nen k ap koule, kèplen oswa vomisman, epi dyare.

Sentòm Grav yo: pwoblèm pou respire, doulè oswa presyon pèsistan nan pwatrin, konfizyon, pa kapab reveye oswa rete jeklè, oswa po bouch oswa figi yon jan chanje koule.

Gid Pou Swen nan Kay: [CDC.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/).